Tchétchène

**P.R.I.P.I**
Кхечу пачхьалкхашкара
Т1ебаьхкинчу нахана
Интеграци яран
Областан Программа

**C.A.S.N.A.V**
Циркан артистийна
Керла Т1ебаьхкинчера а
бераш а школехь 1аморан
Дешаран Центр.

# Францехь школехь 1амор

***Франце керла т1ебаьхкина дешархой а дай наной а Т1еэцаран хьокъехь документ***

## Х1окху документо жоп ло шун хаттаршна

- **Муха д1аяздан деза сан бер школе,  колледже я лицейе?**
- **Сан беро х1инца а французийн маттахь ца дуйцу. Х1ун оьхьа школо,колледжо,лицейс?**
- **Муха вовшахтоьхна Францехь 1аморан система?**
- **Коьрта адамаш муьлш ду школехь,колледжехь,лицейхь?**
- **Со 1аш волчу меттигана гена йоцчу муьхачу ассоциацига г1о далур ду сан берана урокаш йоцчу хенахь ?**

## ♦ Муха д1аяздан деза сан бер школе ,колледже ,лицейе?

| | Берийн беш (школа) | Юьхьанцара школа | Колледж,лицей |
|---|---|---|---|
| **Д1аяздаран хьелаш** | Берий беше бераш д1аоцу 3 шо кхьччахьахьана дуьйна, и хан х1окху шеран 31 чу декабрана Кхаьчнарш(2 шо кхьаччахьана | **С.Р**, Д1аяздайта. Шун **беран х1окху шеран 31 г1а декабрь** т1екхачале 6 шо кхача деза , мукъа меттигаш елахь . | Шун беран юккъера дешаран заведени деша даха хан кхаьчнехь ,иза цкъа хьалха **профориентаци ярехула** волчу советникана ган деза ,цо тайп тайпана тесташ кхьочушйойтур ю цуьнга .хаарийн т1ег1а а, хьуьнарш а къасторна лерина йолу |
| **Д1аяздаран процедура** | Шун Бер школе д1аяздайта ,1аш волчу меттехь **<u>мэре</u>** ваха веза.Мэрис д1аэцаран справка лур ю,школан директоре д1агайта езаш йолу . Х1окху документашца цхьаьна | | Цкъа хьалха **<u>Дешаран Округан Инспекце</u>** ваха веза,цигахь хьуна уллерчу **С.I.O. (хаамийн а, профориентации яран а Центрехь)** Профориентацехула волчу советникца вовшахкхета хан къастор ю. Т1аккха ,парг1ат меттигш елахь ,хьо 1аш волчу меттиге хьажжина, Дешаран Округан Инспектора Шун бер д1анисдийр ду дешаран заведене а ,ишта классе а цуьнан т1ег1ане хьаьжжина.Цул т1аьхьа мелла а сиха хьалхах1щтта веза дешаран заведенин куьйгалхочунна колледж я лицейн. |
| **Оьшуш долу документаш** | Беран граждански хьолан хьокъехь а, цунах жоп лучу стеган а документ я доьзалан книжка.<br>Хьалха дешаран хьокъехь документаш таро елахь.<br>1аш волчу меттигера справка .<br>Цуьнан хене хьаьжжина ян еза прививкаш яран хьокъехь йолу справка а, могашаллин хьолаца берийн коллективехь хила йиш йолуш хиларан хьокъехь справка а. | | |

## ♦ <u>Муха вовшахтоьхна Францехь дешаран система</u>?

***<u>Уггаре хьалха хаадезарг х1ара ду:</u>***

Францехь дешар **т1едиллина** 6 шарера 16 шаре

Делахь а , беран йиш ю 3 шо кхаьччахьана дуьйна школе даха,
16 шо сов долчу кегийчу нехан а йиш ю кхид1а деша.

Школа **пачхьалкхан ю,мах боцущ,духовни ведемстван т1е1аткъам боцуш**.

Долахь школаш а,колледжаш а ю,мехах 1амош.

**Дешаран заведенеша цхьаьний д1аоьцу зудабераш а,к1ентий а.**

## *Таблица еша еза лахара хьала*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Лаккхара дешар**  | **Университеташ я институташ** | Бакалавран (бак) диплом даьккхинчул т1аьхьа лаккахарчу дешаран заведенешкахь дешар дахдала тарло 2 шарера 8 шаре кхаччалц,хьалхах1оттиначу 1алашоне хьаьжжина. Оцу дешаре кхача бакъо хилийта,шайн махкахь даьхна дипломаш а ,школера справканаш а д1агайта еза. | | | |
| **Юккъера дешар**  | **Юкъарадешаран,технологически я профессиональни лицей** | **Чакхяккхаран бак я юккъера технически бак** | ***Балхан Дешаран бак***(2 *шарахь)* | Хаьржинчу некъе хьаьжжина ,лицейхь дешар дахдала тарло 2,3, я 4 шарахь. | |
| | | **$1^{ра}$** | **BEP** я **CAP** | | |
| | | **$2^{ра}$** | **2ха балх.дешар** | | |
| | **Колледж** | **3й** | | **14 – 15 шо** | И 4 шеран деша чекхдолчу дуьззина доцчу юккъерачу дешаран хьокъехь долчу аттестатна цхьа экзамен ярлца. |
| | | **4й** | | **13 – 14 шо** | |
| | | **5й** | | **12 – 13 шо** | |
| | | **6й** | | **11 - 12 шо** | |
| **Юьхьанцара дешар**  | **Юьхьанцара школа** | **C.M.2** | | **10 - 11 шо** | Юьхьанцара школа чекхъяьккхича экзамен яц |
| | | **C.M.1** | | **9 -10 шо** | |
| | | **C.E.2** | | **8 - 9 шо** | |
| | | **C.E.1** | | **7 - 8 шо** | |
| | | **C. P.** | | **6 - 7 шо** | |
| | **Берийн беш (школа)** | **Лакхара тоба** | | **5 - 6 шо** | |
| | | **Юккъера тоба** | | **4 - 5 шо** | |
| | | **Жимхоийн тоба** | | **3 - 4 шо 2 - 3 шой** | |

**Бак-бакалавран дипломан йоцца –юккъера школа чекхъяккхаран хьокъехь долу Аттестат санна ду.**

## ♦ Сан беро х1инца а французийн маттахь къамел ца до. Х1ун оьхьу школашна ,колледжаша,лицейша ?

Французийн маттахь х1инца а къамел деш боцу а,я тоам боллуш французийн мотт бийца а,цу маттахь яздан а хууш боцу дешархой дукхахйолчу дешаран заведенешкахь лерринчу веасаллеэцна бу.

Шайн хене а,шайн **т1ег1ане а хьаьжжина йолчу классашкахь** доьшуш а болуш ,французийн мотт ца хууш болу дешархой леррина кеп йолчу **1аморан тобанашка вовшахтоьхна бу, к1иранах масех сохьтехь хоьхуш**.Иза:

**- CLIN** (вводни курсан класс) *я* **CRI** (1амийна долу хаарш т1еч1аг1дарна лерина занятеш) юккъерачу школехь.

**- CLA** (*т1еэцаран класс*) я **FLE курсаш** (французийн мотт кхечу мехкийн санна) колледжехь а,лицейхь а.

Оцу шатайпачу занятийн 1алашо-берашна **школехь мелла а сиха дика доьшуш хила** а,цигахь царна шайн хьал дика хетийта а таронаш кхоллар. Кхузахь, коьртачу декъана , 1амабо французийн мотт ,ткъа ишта кхечу предметашкахула дика доьшуш хилийтарна хаарийн бух а буьллу . Керла т1ебаьхкина дешархой дика болийтархьама ду дешар шатайпа вовшахторах.

Шу юьртан меттигера бахархой делахь,дешаран заведенин хьехархоша, **C.A.S.N.A.V.** г1оьнца ,шун берана (берашна) леррина шеца цхьаьнца д1ахьош йолу т1етоьхна занятеш вовшахтухур ю.

## ♦ Школан а, колледжан а, лицейн а муьлха коьрта белхалой бовза беза ?

### Социальни г1одарн службин белхало

**Юьхьанцарчу школехь**

Юьхьанцарчу школехь бац халкъан дешаран Социальни г1одаран службин белхалой . Проблема йолуш хьал кхолладелча ,1аш волчу меттигехь ,цу куьпахь социальни службашца з1е таса еза.

**Колледжехь я лицейхь**

Социальни г1одаран службин белхалочо ладуг1у дешархошка а, церан дай-наношка а (информаци ло бохуш дехар ,кхоллаеллачу проблемех хаттар, клъамел дан оьшуш хьал хилар ,ахчанца халонаш). Цхьа а шеко йоцуш, вовшахкхета хан билгалъякхахьара аьлла дехар деш цунна т1едаха йиш ю. Иза дешаран заведенин массо белхахошца з1е йолуш болх беш ю.Профессиональни къайле д1аса юьйцур йолуш а яц иза.

### Профориентации ярехула хьехамча-психолог (C.O.P)

Колледжехь, а лицейхь а массо хенахь хуьлу хьехамча.Цо хоуьйту дешаран таронех а, корматалех а C.O.P цхьанакхетароШун берийн таро хьуьнарийн жам1 дан а, цуьнан професси харжаран хьокъехь прогноз ян а.

### Дешаран декъан заведующи (C.P.E)

Кхетош-кхиорхойн г1онца ,завуча C.P.E жоп ло колледжехь,лицейхь х1ора дийнан дахар вовшахтохарх а, д1адахьарх а .Дешархой цабахкаран а, т1аьхьабисаран хаттарш ду цо къастош. Коьртачу декъана, иза ву шуьца а,шун берашца а дукхахдолу кхетош-кхиоран къамелашдархо.

### Халкъан дешаран медийша

**Юьхьанцарчу школехь**

Шун дехарца, шун беран хьехархочо Халкъан Дешаран Отделан медйиша я школан лор кхойкхар ю,школехь шуьца цхьанакхетийта . Шайн дуьххьара таро ма-хиллинехь ,медйиша я школан лор цхьанакхетар ю шун берашца ,медосмотр ярхьама.

**Колледжехь я лицейхь**

Колледжехь медйиша хьулу к1иранах шена къастийначу деношкахь. Ткъа лицейхь-х1ора дийнахь. Цо дешархошна хьалхара медицински г1о до.Дешархочун йиш ю шен сагатдеш х1ун ду,я шен могашаллин массо а кхечу аг1онех лаьцна дтйца (цомгаш цахилархьама дандезарг я могашаллин ,х1умаяаран, ц1анояран хьокъехь хьехамаш).
Дешаран шарахь дешархо медосмотрах чекхвер ву.Де-ненаца вовшахкхета йиш ю цуьнан,профессиональни къайле д1асайюцур йолуш а яц иза.

### Колледжехь а,лицейхь а классан куьгалхо

Коьтачу декъана дешархошца къамелдархо ,дов даьлла меттиг хилча,юкъleларг ,хьехархойн координатор а волуш,классан куьйгалхо-иза да-нана уггаре дукха вовшахкхета долу адам ду. Шеко йоцуш,цуьнца вовшахкхетар хан билгалъяккхар деха аша,шайн берийн урокашкахь хуьлчу проблемех,кхиамех я халонехь лаьцна дийцархьама.

**Школехь а ,колледжехь а ,лицейхь а т1еэцар**

Шун массо хенахь цхьанакхета йиш ю хьехархошца ,ткъа ишта **школан директорца**,дешаран заведенин (колледжан ,лицейн) заведующийца,**школан медйижаршца**,**Социальни г1оларан службин белхалочуьнца,кхетош-кхиоран балхехула а,дешарехула** а йолчу профориентаци ярехула хьехамча- психологца а.

.

## ♦ Со 1аш волчу меттигана гена йоцчу муьлхачу ассоциацин йиш ю сан берана урокаш йоцчу хенах г1о дан ?

Дуккха а ассоциацийш ю,нах бехачу меттигашкахь д1анисийна йолу ,**школашца,колледжашца ,иштта CASNAVца** цхьаьна болх беш .Урокаш йоцчу хенахь ,шайн таронашка хьаьжжина ,цара охьа тарло берашна **т1етоьхна занятеш** я мероприятеш,цара французийн мотт 1аморрий,интеграци яррий тодарна лерина.

31е таса хьехархошца ,школан директорца я колледжан директорца : цара шуна хоуьйтур ду шайн бер (шайн бераш) оцу организацешка д1аяздеш аша дан дезарг .

---

## Школехь дешаран хьокъехь кхин сов хаа луучунна

Шу 1аш долчу меттигерчу ассоциацис а,хьехархоша а Шуьга уьйр тосуьйтур ю Дешаран Округан Инспекторца ,я C.A.S.N.A.Vца Халкъан Дешаран Отделца ,Керла Т1едаьхкинчу берашна школехь 1аморан бег1ийла хьелаш кхолларх жоьпалла йолчу.

**Обл.Дешаран Округан Инспекци :**
**03 24 59 71 50**
**Обл.Дешаран Округан Инспекци Марн:**
**03 26 68 60 00**
**Обл.Дешаран Округан Инспекци Об:**
**03 25 76 22 22**
**Обл.Дешаран Округан Инспекци От Марн :**
**03 25 30 51 51**

**C.A.S.N.A.V**
Циркан белхалойн бераш а,Керла Т1ебаьхкинарш а школехь 1аморан Дешаран Центр
**Обл.Арден и Марн : 03 26 61 20 39**
**Обл. Aube et Haute-Marne : 06 80 40 28 16**
**Site : http://www.ac-reims.fr/casnav/**